УДК 811.512.121

# EVFEMIYA FENOMENI TIL TABULARÍNÍŃ NÁTIYJESI SÍPATÍNDA

**Orazımbetov Amirbek,**
*Filologiya ilimleriniń kandidatı, docent. Ájiniyaz atındaǵı NMPI*
e-mail: amirbekaga@gmail.com

**Joldasbaeva Parwaz,**
*Ájiniyaz atındaǵı NMPI 1-kurs magistrantı*
e-mail: joldasbaevaparwaz60@gmail.com

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.18902567**

***Annotaciya:*** *Bul maqalada evfemizmler tilde óz aldına payda bolmay, olar sociallıq, ádep-ikramlılıq hám mifologiyalıq qadaǵan etiwler (tabu) bar ekenliginiń tikkeley nátiyjesi bolıp esaplanatuǵınlıǵı sóz etilgen. Tabu belgili bir sózdiń qollanılıwına tıyım salsa, evfemizm mádeniy normalardı buzbay, qadaǵan etilgen temanı sóylewge múmkinshilik beretuǵın nızamlı "aylanba jol" ekenligi tallanadı.*

***Tayanish sózler:*** *tabu, evfemizm, ortofemizm, din, jámiyet, fenomen, manipulyaciya.*

***Аннотация:****В данной статье утверждается, что эвфемизмы не возникают самостоятельно в языке; они являются прямым следствием существования социальных, моральных и мифологических табу. В то время как табу запрещает использование определённого слова, эвфемизм анализируется как законный "обходный путь," позволяющий говорить о запрещённой теме, не нарушая культурных норм.*

***Ключевые слова:*** *табу, эвфемизм, ортофемизм, религия, общество, феномен, манипуляция.*

***Abstract:*** *The article states that euphemisms do not appear in language independently; they are a direct result of the existence of social, moral, and mythological taboos. While taboo prohibits the use of a specific word, euphemism is analyzed as a legitimate "circuit" that allows for the utterance of a forbidden topic without violating cultural norms.*

***Keywords:*** *Taboo, euphemism, orthophemism, religion, society, phenomenon, manipulation.*

Tabular alǵashqı jámiyette belgili bir is-háreketti buzǵanı ushın jazalaytuǵın tábiyattan tıs kúshlerden qorqıwǵa tiykarlanǵan muqaddes qadaǵan etiwler sisteması sıpatında payda bolgan. Bir waqıtları "tabu" arnawlı diniy qadaǵan etiwlerdi ańlatıp, belgili bir rawajlanıw basqıshında turǵan barlıq xalıqlarda orın alǵan. Búgingi kúnde tabu – bul buzılıwı jol qoyılmaytuǵın yamasa uyatlı dep esaplanatuǵın hár qanday qatań sociallıq qadaǵan etiw esaplanadı. Sonıń menen birge ayırım tabular nızam menen bekkemlengen, ayırımları bolsa ápiwayı jazılmaǵan mádeniy qaǵıydalar bolıp qalmaqta.

Tabu hám evfemizmler til hám jámiyet ushın áhmiyetli, sebebi olar sociallıq minez-qulıqtı tártipke saladı, unamsız túsiniklerdi jumsartadı, unamsız haqıyqatlıqtı jasıradı hám tildegi ózgerislerge járdem beredi. Ólim yamasa kesellik sıyaqlı tabulanǵan sóz hám túsinikler qolaysızlıqtı keltirip shıǵaradı hám áyne usı jerde

evfemizmler ról oynap, olardı ortofemizm (neytral) yamasa ádepli sózler menen almastıradı, bul kelispewshiliklerdiń aldın alıw hám qarım-qatnastıń maqul tonın saqlap qalıw imkaniyatın beredi.

Tabu hám evfemizm teması boyınsha Z.Freydtiń "Totem hám tabu" sıyaqlı klassikalıq miynetler de [Freyd Z.: 2018], túrkiy tilerindegi izertlewler de bar: I.Laude-Cirtautas qazaq, qırǵız hám ózbeklerdiń dástúriy kózqarasında sóz derlik fizikalıq kúshke iye bolǵanlıǵın túsindiredi. Qáwipli haywan yamasa awır kesellikti atı menen ataw – olardı "shaqırıw" degen sóz. Sonıń ushın ayırım sózlerge qatań tabu qoyılǵan - dep kórsetedi [Laude-Cirtautas I.:72-87]. N.I.Yaimovanıń miynetinde altay tilindegi ań awlawshılıq magiyası, kesellik, ólim hám shańaraqlıq-turmıslıq qatnasıqlar menen baylanıslı qadaǵan etilgen sózlerdiń ornın basıw ushın qollanılatuǵın evfemizmlerdiń kelip shıǵıw sebepleri, wazıypaları hám olardıń payda bolıw jolları kompleksli tallanadı [Yaimova N. 1990]. Qaraqalpaq til biliminde tabu hám evfemizmler E.Berdimuratov miynetlerinde sóz etilgen [Berdimuratov E. 1994: 59]. Olarda tabu hám evfemiyanıń baylanısı, evfemizmlerdiń kelip shıǵıwı, olardıń hár qıylı til hám mádeniyatlarda qollanılıwı haqqında pikir júrgiziledi.

Tabu – bul ádepsiz, muqaddes yaki zıyanlı dep esaplangan nárseler menen baylanıslı bolǵan belgili sózler yaki sóz dizbeklerin qollanıwdı qadaǵan etiw, evfemizm bolsa tabu etilgen sózlerdi almastırıw ushın qollanılatuǵın neytral mánisli sóz yaki sóz dizbegi. Tabulanǵan sózler kúshli unamsız halattı keltirip shıǵaradı, sonlıqtan evfemizmler olardıń mánisin jumsartıwǵa hám sóylewdi jáne de qolaylastırıwǵa járdem beredi.

Tabu – bul belgili bir is-háreket, pikir yaki zattı qatań qadaǵan etiw bolıp, olardı buzıw tábiyiy emes kúshler tárepinen jazalaw, muqaddes múnásibet yaki sociallıq qaralawǵa alıp keledi degen isenimge tiykarlanadı. Bunday qadaǵan etiwler diniy, sociallıq, mádeniy hám hátte lingvistikalıq bolıwı múmkin hám derlik barlıq jámiyetlerde bar bolıp, "jaman" yamasa "muqaddes" qubılıslardı anlatıwshı sózlerdi shekleydi.

Tabudıń payda bolıwınıń sociallıq hám diniy sebeplerine jámiyetlik tártip hám dúzilisti saqlaw zárúrligi, sonday-aq, diniy isenimler hám tábiyiy emes nárselerden qorqıw kiredi. Sociallıq tabular is-háreketlerdi tártipke salıw hám kelispewshiliklerdiń aldın alıw ushın qadaǵalaw quralı bolıp xızmet etedi, diniy qadaǵan etiwler bolsa kóbinese muqaddes jazıwlar, máresimler hám qudaylardıń erk-ıqırarın buzǵanı ushın tábiyattan tıs joqarıdan jazalaw haqqındaǵı isenimlerge tiykarlanadı. Usılarǵa baylanıslı tabudıń bir neshe túrlerge ajırıtıwǵa boladı:

Diniy: Diniy isenimler hám kórsetpeler menen baylanıslı qadaǵan etiwler (mısalı, yahudiylik, islamdaǵı azıq-awqat qadaǵan etiwleri, sonday-aq, muqaddes nárseler menen baylanıslı háreketlerdi qadaǵan etiw);

Sociallıq: Belgili topar ishinde ornatılatuǵın, minez-qulıq hám qatnasıqqa baylanıslı qadaǵan etiwler (máselen, ádeplilik tabuı yamasa belgili jaǵdaylarda orınsız is-háreketler);

Huqıqıy: Nızam menen bekkemlengen, buzılıwı huqıqıy juwapkershilikke sebep bolatuǵın qadaǵan etiwler;

Jınısıy: Jınısıy qatnasıqlar hám minez-qulıqqa tiyisli qadaǵan etiwler;

Kommunikativ: Belgili bir jaǵdaylardı talqılaw ushın belgili sózlerdi yamasa temalardan paydalanıwdı qadaǵan etiw;

Mádeniy: Belgili bir mádeniyat sheńberinde orınsız yamasa maqul emes dep esaplanǵan qadaǵan etiwler;

Azıq-awqat: Diniy, mádeniy yamasa basqa sebepler (máselen, kannibalizm, vegetarianlıq) menen baylanıslı bolıwı múmkin bolǵan belgili bir awqattı jewdi qadaǵan etiw.

Evfemizm – turpayı, orınsız, kemsitiwshi yamasa ádepsiz dep esaplangan basqa sóz yamasa sóylesiwdiń ornına qollanılatuǵın neytral sóz yamasa sóylesiw. Bul usıl sóylewdi jumsartıw, tiykarǵı mánisti jasırıw yamasa unamsız hádiyseni nıqaplaw imkaniyatın beredi, bul bolsaańlatpanı jáne de ádepli hám ǵalaba paydalanıw ushın qolaylı etedi. Evfemizmler komunikaciyada tómendegi funkciyaardı atqarıp keledi:

Jumsartıw hám nıqaplaw: Turpayı yamasa ádepsiz sózlerdi jumsaqlaw sózler menen almastırıw, máselen, "*mayıp*" ornına "*imkaniyatı sheklengen*" sıyaqlı.

Ádep-ikramlılıqqa ámel etiw: Sóylesiwde turpayılıq hám kemsitiwden qashıw ushın neytral sózlerden paydalanıw.

Siyasiy tuwrılıq: Unamlı imidj jaratıw ushın evfemizmlerden paydalanıw, máselen, siyasat yaki reklamada.

Maǵlıwmattı jasırıw yamasa buzıp kórsetiw: Unamsız associaciyalardı keltirip shıǵaratuǵın sózlerdi jáne de unamlıraq sózler menen almastırıw, bul manipulyaciya quralı sıpatında paydalanılıwı múmkin. Mısalı:

"*Hámiledar*" ornına "*perzent kútip otırǵan*", "*Jumıstan bosatıw*" ornına "*lawazımnan azat etiw*", "*Kámbaǵal*" ornına "*kem támiyinlengen*", "*Urıs*" ornına "*qurallı toplasıw*", *"arnawlı áskeriy operaciya*" sózleri qollanıladı.

Demek, evfemizmler tabulardıń bar ekenliginiń nátiyjesi. Tabulanǵan sóz (máselen, *"óldi"*) tuwrıdan-tuwrı hám keskin ańlatıwdan qashıw ushın evfemizm ("*qaytıs boldı", "dúnyadan ótti"t.b.*) menen almastırıladı.

Tabu hám evfemizmlerdiń baylanıslılıǵı sonda, tabu (qadaǵan) evfemizmlerdiń jaratılıwı hám qollanılıwına tiykarǵı sebep boladı. Tabu – ayırım sózlerdi kemsitiwshi, kúsh kórsetiwshi, jaǵımsız mánislerde qollanıwdı qadaǵan etiw bolıp, sóylewde usınday sózlerdiń ornın basıw ushın evfemizmlerden paydalanıladı. Solay etip, evfemizm tabulasqan sózdiń jumsaq, maqul almastırıwshısı bolıp tabıladı.

Tabu aytıwdı tikkeley qadaǵan etilgen sózlerwdi aylanıp ótiw ushın evfemizmlerdi izlew hám jaratıwǵa iytermeleydi. Evfemizm almastırıw wazıypasın atqaradı: ol ańlatpanıń mánisin jumsartadı, tuwrıdan-tuwrı mánisti jasıradı hám onı mádeniy, ádep-ikramlılıq yamasa sociallıq kontekstke jáne de maqul qıladı.

Juwmaqlap aytqanda, Tabu hám evfemizmler til hám kommunikaciyada áhmiyetli orın tutadı, tabu ayırım sóz yamasa temalardı kemsitiwshi, muqaddes yamasa ádepsizligi ushın qadaǵan etedi, evfemizmler bolsa olardı jumsaq yamasa neytral sinonimler menen almastırıw ushın qollanıladı. Evfemizmlerdiń tiykarǵı wazıypası – unamsız jaǵdaydı jumsartıw, jaǵımsız shınlıqtı jasırıw, qolaysız jaǵdaydan qashıw, ádep-ikramlılıqqa ámel etiwden ibarat. Tabu óz náwbetinde sociallıq hám diniy normalardı saqlawǵa járdem beredi, evfemizmler bolsa olardı aylanıp ótiw quralı bolıp xızmet etedi.

**Ádebiyatlar:**

1. Бердимуратов Е Ҳәзирги қарақалпақ тили – Нөкис, “Билим”, 1994. – 188 б.
2. Лауде-Циртаутас И. К вопросу о табу и эвфемизмах в казахском, киргизском и узбекском языках**,** Советская тюркология», 1976, № 4, стр. 72–87.
3. Фрейд З. Тотем и табу. Психология первобытной культуры и религии. Москва «Эксмо» 2018 – 224 с.
4. Яимова Н. А. Табуированная лексика и эвфемизмы в алтайском языке. – Горно-Алтайск, 1990. – 169 с.